*U'ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA'M ORTA ARNAWLİ BİLİM MİNİSTRLİGİ*

*QARAQALPAQ MAMLEKETLİK UNİVERSİTETİ*

*TARİX HA'M HUQIQ FAKULTETİ*

*YuRİSPRUDENTsİYa qa'NİGELİGİ*

# *REFERAT*

***Advokatliq xizmetinin' sho'lkemlestiriwshilik formalari.***

*Ornılag'ın 3-кurs studenti Uzaqbaev J*

*N5 кis-2014*

**Advokatliq xizmetinin’ sho’lkemlestiriwshilik formalari.**

**Reje:**

Kirisiw.

**I Bap. Advokatliq xizmetinin’ sho’lkemlestiriwshilik formalari tu’sinigi ha’m tu’rleri.**

1.1. Advokatliq byurosi
1.2. Advokatliq firmasi
1.3. Advokatlar kollegiyasi
1.4. Yuridik ma’slahatxanasi

**II Bap. Advokatlar palatasi tuwrali uliwma tu’sinik, olardin’ tiykarg’i waziypalari, palata organlari ha’m lawazimli shaxslar.**

2.1. Advokatlar palatasi tu’sinigi ha’m onin’ tiykarg’i waziypalari
2.2. Advokatlar palatasi konferentsiyasi wa’killikleri ha’m Palata baslig’inin’ wa’killikleri.

**Juwmaqlaw.**
**Paydalanilg’an a’debiyatlar dizimi.**

# Kirisiw

O’zbekistan Respublikasi o’z g’a’rezsizligin qolg’a kiritken da’slepki ku’nnen baslap aq insan huqiq ha’m erkinliklerin qorg’aw ma’mleket siyasatinin’ tiykarg’i bag’darlarinan biri dep ja’riyalandi. Usi siyasat izshillik penen a’melge asirilip kelinbekte. O’zbekistan Respublikasi Konstitutsiyasinda insan huqiqlari ha’m oni ta’miynlew ma’selelerine tiykarg’i orin berilgen. O’zbekistan insaniyliq demokratiyaliq huqiqiy ma’mleket quriw jolinda rawajlanar eken, bul protsesste insan huqiq ha’m erkinliklerinin’ isenimli ta’rzde qorg’aliwin ta’miynlewshi za’ru’r huqiqiy sistema jaratildi. Usi huqiqiy sistemada advokatura o’zine ta’n a’hmiyetli orindi iyeleydi. Sol sebepli, ma’mleketimizde advokatura sistemasin jetilistiriw ha’m oni ta’jriybeli kadrlar menen ta’miynlew ma’selesine ayriqsha itibar berip kelinbekte. Soni aytip o’tiw kerek, totalitar sistema da’wirinde advokatura bar bolg’an huqiqiy sistema ushin “o’gey” bolip, insan huqiq ha’m erkinliklerin toliq ra’wishte qorg’aw waziypasin orinlaw ushin jeterli huqiqiy tiykarlarg’a iye emes edi. Bunin’ u’stine advokatura ushin kadrlar tayarlaw jolg’a qoyilmag’an edi ha’m advokatliq xizmeti menen bul xizmetti a’melge asiriw ko’nikpelerine iye bolmag’an, adette huqiq qorg’aw uyimlardan jumistan bosatilg’an ya’ki napaqag’a shiqqan shaxslar shug’illanar edi. G’a’rezsizlik sharapati menen huqiqtaniw bag’darindag’i joqari oqiw orinlarinda studentlerdi advokatliq iskerligine tayarlaw arnawli da’stu’r tiykarinda jolg’a qoyildi.

O’zbekistan Respublikasinin’ “Advokatura tuwrali ” ha’mde “Advokatliq xizmetinin’ kepillikleri ha’m advokatlardin’ sotsialliq qorg’awi tuwrali” Nizamlarinin’ qabil etiliwi, protsessual nizamlarda a’dil sudlawdi a’melge asiriwda advokattin’ qatnasiwin, onin’ huqiq ha’m ma’jbu’riyatlarin belgilep qoyg’an normalar payda boliwi advokatura institutinin’, puqaralarg’a ha’m yuridikaliq shaxslarg’a toliq ra’wishte malakali yuridik ja’rdem ko’rsetiwshi, puqaraliq ja’miyetinin’ huqiqiy institutina aylaniwina za’ru’r sha’rayat jaratti.

O’zbekistan Respublikasi Prezidentinin’ 2008-jil 1-maydag’i “O’zbekistan Respublikasinda advokatura institutin ja’nede reformalaw is-ila’jlari tuwrali”

Pa’rmani “sud huqiq sistemasin ja’nede liberallastiriw, puqaralardin’ tergew ha’m sud isin ju’ritiwdin’ ha’r qanday basqishinda malakali yuridik ja’rdem aliw huqiqin bekkemleytug’in konstitutsiyaliq normani a’melge asiriw, advokaturanin’ sho’lkemlestiriwshilik g’a’rezsizligin ta’miynlew, oni joqari ta’jriybeli kadrlar menen toltiriw, advokatlardin’ g’a’rezsizligi kepilliklerin ku’sheytiw, advokatliq ka’sibinin’ abirayin asiriw” g’a[1] bag’darlang’an nizam hu’jjetleri qabil etiwge tiykar bolip xizmet etti.

O’zbekistan Respublikasi Prezidenti I.A.Karimov 2010-jili 12-noyabrde O’zbekistan Respublikasi Oliy Majilisi Nizamshiliq palatasi ha’m Senatinin’ qospa ma’jilisinde using’an “Ma’mleketimizde demokratiyaliq reformalardi ja’nede teren’lestiriw ha’m puqaraliq ja’miyetin rawajlandiriw konseptsiyasi” da aytqaninday, <<ha’zirgi waqitta ma’mleketimizde prokuror ha’m advokattin’ ten’ligin, jinayat ha’m puqaraliq isleri boyinsha sud xizmetinin’ ha’mme basqishlarinda o’z-ara tartisiw boliwin ta’miynlewge, adil sudlawdin’ sipatin asiriwg’a qaratilg’an ken’ ko’lemli is-ila’jlar izshil a’melge asirilmaqta>>[2]

Parlament ta’repinen qabil etilgen “Advokatura instituti jetilistiriliwi mu’na’sibeti menen O’zbekistan Respublikasinin’ ayirim nizam hu’jjetlerine o’zgeris ha’m qosimshalar kiritiw tuwrali ” O’zbekistan Respublikasinin’ 2008-jilg’i 31-dekabrdegi O’RQ-198-sanli Nizami menen O’zbekistan Respublikasinin’ “Advokatura tuwrali” ha’mde “Advokatliq xizmetinin’ kepillikleri ha’m advokatlardin’ sotsialliq qorg’awi tuwrali ”Nizamlari menen bir qatarda O’zbekistan Respublikasi Jinayat kodeksi, Jinayat – protsessual kodeksi, Ha’kimshilik juwapkershilik tuwrali Kodeksine ha’m bir qatar o’zgeris ha’m qosimshalar kiritilip, advokatura instituti ha’m advokatliq xizmetinin’ huqiqiy tiykarlari ja’nede bekkemlendi, puqaralarg’a malakali yuridik ja’rdem ko’rsetiw kepillikleri ku’sheytirildi.

---

[1] O’zbekiston Respublikasi Prezidentining № PF-3993 <<O’zbekiston Respublikasida advokatura institutini yanada isloh qilish chora-tadbirlari to’g’risida>> Farmoni.

[2]Karimov I.A. Mamlakatimizda demokratik islohotlarni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyatini rivojlantirish konseptsiyasi. O’zbekiston Respublikasi Oliy Majilisi Qonunchilik palatasi va Senatining qo’shma majilisidagi ma’ruza, 2010-yil 12-noyabr. – Xalq so’zi. – 13-noyabr. – 2010.

Sonin’ menen birge Prezident I.A.Karimov advokatura institutinin’ jetilistiriliwi “… adamlar tek g’ana sudqa jumisi tu’skende emes, ba’lki ku’ndelik turmisinda ha’m advokatlar xizmetinen, olardin’ ma’slahat ha’m usinislarinan paydalana alatug’in”[3] boliwlarina bag’darlaniwi lazimlig’ina itibar qaratadi.

---

[3] Karimov.I.A. Qonun va adolat ustuvorligining hayotbaxsh manbai. Konstitutsiya kuniga bag’ishlangan tantanali marosimida so’zlangan nutq, 1998-yil 5-dekabr//Biz kelajagimizni o’z qo’limiz bilan quramiz. T.7. – T.: O’zbekiston, 1999. – B.251.

## I Bap. Advokatliq xizmetinin' sho'lkemlestiriwshilik formalari tu'sinigi ha'm tu'rleri.

"Advokatura tuwrali" Nizamg'a muwapiq advokatlar o'z qa'lewine ko're, advokatliq iskerligin tu'rli formalarda: o'z advokatliq byurosin aship, jekke ta'rtipte; basqa advokatlar (sherikler) menen advokatliq firmasin ya'ki ag'zaliqqa tiykarlang'an advokatlar kollegiyasin du'ziwge ya'ki iskerlik ko'rsetip atirg'an advokatliq du'zilmelerinen birine kiriwge ya'ki yuridik ma'slahatxanada islegen halda advokatliq xizmetin a'melge asiriwg'a haqli.

Advokat o'z iskerligin tek bir advokatliq du'zilmesinde a'melge asiriwg'a haqli. Advokatlar byurolari, advokatliq firmalari ha'm advokatlar kollegiyalarin dizimnen o'tkeriw, sonday-aq, yuridik ma'slahatxanalarin esapqa aliw O'zbekistan Respublikasi Ministrler Kabineti belgileytug'in ta'rtipte a'dillik organlari ta'repinen a'melge asiriladi[4].

Advokatliq du'zilmelerinin' sho'lkemlesiwi, xizmeti, qayta sho'lkemlestiriliwi ha'm saplastiriliwi, du'zilmesi, shtatlari, waziypalari, qarjilarin sariplaw ta'rtibi, basshi organlarinin' wa'killikleri, olardi saylaw ta'rtibi ha'mde advokatliq du'zilmeleri xizmetine tiyisli basqa ma'seleler olardin' ustavlari (rejeleri), sho'lkemlestiriwshilik sha'rtnamalari menen ta'rtipke salinadi[5].

Advokatliq byurolari, advokatliq firmalari ha'm advokatlar kollegiyalari olar dizimnen o'tkerilgen ku'nnen baslap yuridikaliq shaxs statusin aladi. Yuridik ma'slahatxana esapqa aling'an ku'nnen baslap o'z iskerligin a'melge asiriwg'a haqli.

Advokatliq du'zilmeleri puqaralar ha'm yuridikaliq shaxslarg'a yuridik ja'rdem ko'rsetkenligi ushin olardan tu'setug'in pul qarjilari (da'ramatlar)

---

[4] "Advokatlik faoliyatini litsenziyalash va advokatlik tuzilmalarini tashkil qilish tartibini takomillashtirish to'g'risida"gi O'zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining Qarori (09.03.2009-y. №68-mh ) // <<O'zbekiston Respublikasi qonun hujjatlari to'plami>>, 2009-yil, 12-son, 133-modda.

[5] <<Advokatlar tomonidan ko'rsatilgan yuridik yordam uchun davlat hisobidan haq to'lash mexanizmini takomillashtirish chora-tadbirlari to'g'risida>>gi O'zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining Qarori 20.06.2008-y. 137-son.
www.lex.uz

ha'mde nizam hu'jjetlerinde qadag'an etilmegen basqa qarjilar esabinan ta'minat aladi.

Advokatlar nizamda belgilengen ta'rtipte advokatlardin' ja'miyetlik birlespelerin du'ziwi mu'mkin.

Advokatliq firmasi ha'm advokatlar kollegiyalari ustavlari menen ayirim bir-birine mas keletug'in ma'selelerdi ko'rip shig'amiz.

Advokatliq firmasinda ya'ki advokatlar kollegiyasinda o'z iskerligin a'melge asiratug'in advokatlardin' huqiq ha'm ma'jbu'riyatlari. Usi advokatlar to'mendegi huqiqlarg'a iye:

- advokatliq du'zilmesi iskerligi menen baylanisli ma'seleler dodalanip atirg'anda qatnasiw;
- advokatliq du'zilmesi isin jaqsilaw boyinsha usinislar kiritiw;
- advokatliq du'zilmesinin' basshi organlarina saylaw ha'm saylaniw;
- advokatliq du'zilmesi iskerligi tuwrali axborot beriw, hu'jjetler menen, sol qatarda, advokatliq du'zilmesinin' finansliq iskerligi menen baylanisli hu'jjetler menen tanisiw;
- advokatliq du'zilmesi quraminan shig'iw;
- advokatliq du'zilmesi quraminan shiqqaninda, advokat ta'repinen advokatliq du'zilmesi mu'lki etip tapsirilg'an mal-mu'lk qiymati shen'berinde firmanin' kreditorlar menen esap-kitaplar qiling'aninan son' qalg'an mal-mu'lkinin' bir bo'legin ya'ki a'ne sol mal-mu'lk qiymatin aliw huqiqina iye.

Advokatlar nizam hu'jjetlerine, firmanin' Sheriklik sha'rtnamasina (kollegiyanin' sho'lkemlestiriwshilik sha'rtnamasina) ha'm advokatliq du'zilmesi Ustavina muwapiq basqa huqiqlarg'a ha'm iye boliwi mu'mkin.

Uliwma ma'selelerdi sheshiwde advokatlardin' huqiqlari ten' ha'm olar kiritken mu'lkiy u'leske, advokatliq iskerligi stajina ha'mde basqa sha'rtlerge baylanisli bolmaydi. Advokatlardin' ma'jbu'riyatlari:

- advokatliq du'zilmesinin' sheriklik sha'rtnamasi (kollegiyanin' Ta'sis sha'rtnamasina) ha'm Ustav talaplarina a'mel etiwleri ha'm olardi orinlawi;
- advokatliq du'zilmesinin' xizmetinde aktiv qatnasiwi;

- advokatliq du’zilmesi basshi organlarinin’ o’z wa’killikleri shen’berinde qabil etken qararlarin orinlawi;
- advokatliq du’zilmesi ta’minati ushin ha’r ayliq to’lemlerin o’z waqtinda to’lewi;
- advokatliq du’zilmesi xizmeti tuwrali jasirin axborotti a’shkar etpewi tiyis.

Advokatlar nizam hu’jjetlerine, Firmanin’ sheriklik sha’rtnamasina (kollegiyanin’ sho’lkemlestiriwshilik sha’rtnamasina) ha’m Ustavqa muwapiq basqa ma’jbu’riyatlardi ha’m orinlaydi. Advokatlarg’a basqa advokatliq du’zilmesinde advokatliq xizmetin a’melge asiriw qadag’an etiledi. Olar tek bir advokatliq du’zilmesinde iskerlik ko’rsetiwi mu’mkin.

Advokat to’mendegi jag’daylarda advokatliq du’zilmesi quraminan shig’ariladi ha’m ol menen miynet sha’rtnamasi (kontrakt) biykar qilinadi:
- advokattin’ arzasina muwapiq;
- advokatti qatnasqa uqipsiz ya’ki qatnasiq uqiplilig’i sheklengen dep tabiw tuwrali sudtin’ qarari nizamli ku’shke kirgeninde;
- advokat ta’repinen advokattin’ abirayi ha’m qa’dir-qimbatina daq tu’siretug’in ha’mde advokaturanin’ abirayin tu’siretug’in qilmis sadir etilgen jag’dayda;
- advokat ta’repinen o’z ma’jbu’riyatlari orinlamag’an ya’ki lazim da’rejede orinlamag’an jag’dayda;
- advokat onda sudlang’anlig’i alip taslanbag’an ya’ki sudlang’anliq halati tamamlanbag’an halat kelip shig’iwina alip keletug’in jinayat sadir etkenlikte ayipker dep tabilg’anlig’i tuwrali sudtin’ hu’kmi nizamli ku’shke kirgeninde;
- advokat ta’repinen advokatliq du’zilmesine qabil etilgeninde o’zi tuwrali haqiyqatqa tuwri kelmeytug’in mag’liwmatlar berilgen halda;
- advokattin’ advokat statusi tamamlang’an jag’dayda.

Advokatti advokatliq du’zilmesi quraminan shig’ariw nizam hu’jjetlerinde na’zerde tutilg’an basqa tiykarlar boyinsha ha’m a’melge asiriwi mu’mkin.

Advokatti advokatliq du’zilmesi quraminan shig’ariw tuwrali qarar advokatliq du’zilmesinin’ Joqari organi ta’repinen qabil etiledi.

Advokatliq du'zilmelerinin' basshi organlari. Firma ha'm kollegiyanin' joqari organi bolip tiyislisinshe advokatliq firmasi Sheriklerinin' jiynalisi ha'm advokatlar kollegiyasi ag'zalarinin' Uliwma jiynalisi esaplanadi. Usi basshiliq basqariwshi ta'repinen a'melge asiradi. Ko'rsetilgen advokatliq du'zilmeleri Joqari organlarinin' absolyut wa'killikleri ma'seleleri ha'm uqsas:

- advokatliq du'zilmesi iskerliginin' tiykarg'i bag'darlarin belgilew;
- advokatliq du'zilmesi Ustavin tastiyqlaw, sonday-aq, og'an ha'mde Firmanin' sheriklik sha'rtnamasina (kollegiyanin' sho'lkemlestiriwshilik sha'rtnamasina) o'zgeris ha'm qosimshalar kirgiziw;
- ishki miynet ta'rtibi qag'iydalarin ha'm basqa lokal hu'jjetlerin tastiyqlaw;
- advokatliq firmasi ha'm advokatlar kollegiyasi du'zilmesin, qa'rejetler smetasin, xizmetkerlerdin' shtatlari ha'm is haqi mug'darlarin tastiyqlaw;
- basqariwshini, onin' orinbasarlarin saylaw ha'm lawazimnan azat etiw;
- auditorliq tekseriwin o'tkeriw tuwrali qarar qabil etiw;
- advokatliq du'zilmesine sheriklerdi (ag'zalardi) qabil etiw ha'm shig'ariw;
- advokatliq du'zilmesi ta'minati ushin ha'r ayliq to'lemlerinin' mug'darin belgilew;
- yuridik ja'rdem ko'rsetiw ushin haqi to'lew formalarin belgilew;
- advokatliq du'zilmesin qayta sho'lkemlestiriw ha'm saplastiriw.

Advokatlar kollegiyasinin' joqari organi – Uliwma jiynalis – bunnan tisqari kollegiya filiallarin sho'lkemlestiriw ha'm iskerligin saplastiriw ma'selelerin sheshiw huqiqina ha'm iye. Joqari organ advokatliq du'zilmesi iskerligi menen baylanisli basqa ma'selelerdi ha'm ko'rip shig'iwi mu'mkin. Joqari organnin' absolyut wa'killiklerine kirgizilgen ma'seleler basqariwshig'a sheshiwi ushin beriliwi mu'mkin emes. Joqari organ jiynalisi, eger onda ja'mi sheriklerdin' (ag'zalardin') keminde u'shten eki bo'legi qatnassa, wa'killikli (kvorumg'a iye) esaplanadi. Joqari organnin' qararlari protokollar menen ra'smiylestiriledi. Basqariwshi (basqariwshi sherik) saylanatug'in mu'ddet, yag'niy wa'killik mu'ddeti advokatliq du'zilmesinin' Ustavinda belgilenedi.

Basqariwshi (basqariwshi sherik):

- advokatliq du’zilmesinin’ na’tiyjeli islewin ta’miynleydi;

- advokatliq du’zilmesi atinan is ju’ritedi ha’m oni isenimnamasiz sa’wlelendiredi;

- xojaliq, puqaraliq-huqiqiy ha’m basqa sha’rtnamalar du’zedi;

- advokatliq du’zilmesi Joqari organi qararlarinin’ orinlaniwin ta’miynleydi;

- advokat ta’repinen isti alip bariwg’a order blankalari esabin ju’ritedi, saqlaniliwin ha’m maqsetli paydalaniliwin ta’miynleydi;

- buyriqlar, biylikler ha’m basqa lokal hu’jjetler shig’aradi;

- advokatliq kollegiyasi ag’zalari (firmasi sherikleri) ta’repinen o’z ka’siplik birlespelerin turaqli ra’wishte jetilistirip bariwi ha’m advokatlardin’ stajyorlarin tayarlawi u’stinen baqlawdi a’melge asiradi.

## 1.1. Advokatliq byuro.

Advokatliq byurosi advokatliq xizmetin jekke ta’rtipte a’melge asiriw ushin advokat ta’repinen usinis etilgen, kommertsiyalliq emes sho’lkemi bolg’an advokatliq du’zilmesi bolip tabiladi. Jekke ta’rtipte degende, advokat o’z iskerligin sho’lkemlestiriw jag’inan basqa advokatlar menen turaqli ra’wishte birlespegen halda a’melge asiriliwi tu’siniledi. biraq sonin’ menen birge, quramali jinayat, puqaraliq isleri ha’m sog’an uqsas boyinsha yuridik ja’rdem ko’rsetiwde advokat basqa advokatlar menen ku’shlerin birlestiriw huqiqina iye emes dep tu’sinbew kerek. Sonday-aq, advokatliq byurosinda advokat ja’rdemshisi ha’m stajyori ha’m iskerlik ko’rsetiwi mu’mkin. Advokatliq byurosinin’ sho’lkemlestiriwshilik hu’jjeti ag’za ta’repinen tastiyqlanatug’in ustavi esaplanadi. Byuro o’z iskerliginde O’zbekistan Respublikasi Oliy Majilisi palatalarinin’ qararlarina, O’zbekistan Respublikasi Prezident pa’rmanlari, qararlari ha’m biyliklerine, O’zbekistan Respublikasi Ministrler

Kabineti qararlari ha’m buyriqlarina ha’m basqa nizam hu’jjetlerine, sonday-aq, O’zbekistan Respublikasi Advokatlar palatasi ha’m onin’ aymaqliq basqarmalari qararlarina, O’zbekistan Respublikasi Advokatlardin’ ka’siplik etikasi qag’iydalarina ha’m ustavqa a’mel etedi.

Byuroni basqariw ushin advokat to’mendegi huqiqlarg’a iye:

- byuronin’ na’tiyjeli islewin ta’miynleydi;
- byuro iskerliginin’ tiykarg’i bag’darlarin belgileydi;
- byuro Ustavin tastiyqlaydi, sonday-aq, og’an o’zgeris ha’m qosimshalar kirgizedi;
- ishki miynet ta’rtibi qag’iydalarin ha’m basqa lokal hu’jjetlerdi tastiyqlaydi;
- byuro du’zilmesin, smeta qa’rejetlerin, byuro xizmetkerlerinin’ shatlari ha’m is haqi mug’darlarin tastiyqlaydi;
- byuro atinan is ju’ritedi ha’m isenimnamasiz sa’wlelendiredi;
- xojaliq, puqaraliq-huqiqiy ha’m basqa sha’rtnamalar du’zedi;
- buyriqlar, biylikler ha’m basqa lokal hu’jjetlerdi shig’aradi;

- byuroni qayta sho'lkemlestiriw ha'm saplastiriw tuwrali qarar qabil etedi;
- advokat atinan isti alip bariwg'a order blankalari esabin ju'ritedi, saqlaniliwi ha'm maqsetli paydalaniliwin ta'miynleydi;
- byuro iskerligi menen baylanisli basqa qararlar qabil etedi.

Byuroni qayta sho'lkemlestiriw ha'm saplastiriw nizam hu'jjetlerine ha'm advokatliq byurosi Ustavina muwapiq a'melge asiriladi. Byuro o'z iskerligi na'tiyjelerin esabin alip baradi ha'm belgilengen ta'rtipte tiyisli sho'lkemlerge esabatlar usinis etedi.

---

O'zbekiston Respublikasining Jinoyat–protsessual kodeksi. <<O'zbekiston Respublikasi Kodekslari>>, to'plam. – T.: ,<<YURIST-MEDIA MARKAZI>>.2010. – B. 71-188.

O'zbekiston Respublikasining Jinoyat kodeksi. <<O'zbekiston Respublikasi Kodekslari>>, to'plam. – T.: ,<<YURIST-MEDIA MARKAZI>>.2010. – B. 4-71.

www.google.ru

## 1.2. Advokatliq firmasi.

Advokatliq firmasi sherikshilikke tiykarlang'an ha'm advokatliq iskerligin a'melge asiriw ushin advokatlar ta'repinen usinis etilgen, kommertsialliq emes sho'lkemi bolg'an advokatliq du'zilme.

Advokatliq firmasi advokatliq xizmetin a'melge asiriwdin' ja'ma'a'tshilik formasi esaplanadi. Advokatliq firmasinin' sho'lkemlestiriwshilik hu'jjeti onin' muassislari ta'repinen tastiyqlang'an ustav bolip tabiladi. Advokatliq firmasi a'piwayi jazba formada o'z-ara sherikshilik sha'rtnamasin du'ziw arqali sho'lkemlestiriledi. Sherikshilik sha'rtnamasina ko're advokatlar – sherikler ha'mme sherikler atinan yuridikaliq ja'rdem ko'rsetiw ushin o'z xatti-ha'reketlerin birlestiriw ma'jbu'riyatin aladi. Sheriklik sha'rtnamasinda onin' a'mel etiw mu'ddeti, sherikler ta'repinen qararlar qabil etiw ta'rtibi, basqariwshi sherikti saylaw ta'rtibi, onin' wa'killeri ha'm basqa za'ru'r sha'rtler ko'rsetiledi. Advokatliq firmasinin' uliwma islerin ju'ritiw, eger sheriklik sha'rtnamasinda basqasha qag'iyda belgilenbegen bolsa, basqariwshi sherik ta'repinen a'melge asiriladi. Isenim bildiriwshi shaxs (qorg'aw astindag'i shaxs) penen yuridikaliq ja'rdem ko'rsetiw haqqindag'i pitim (sha'rtnama) basqariwshi sherik ya'ki ha'mme sherikler atinan olar bergen isenimnamalar tiykarinda basqa sherik ta'repinen du'ziledi. Isenimnamalarda isenim bildiriwshi shaxslar (qorg'awi astindag'i shaxslar) ha'm u'shinshi shaxslar menen pitimler (sha'rtnamalar) ha'mde kelisiwler du'zip atirg'an sherik wa'killiklerinin' ha'mme sheklewleri ko'rsetiledi. Usi sheklewler isenim bildiriwshi shaxslar (qorg'awi astindag'i shaxslar) ha'm u'shinshi shaxslar itibarina jetkeriledi.

Sheriklik sha'rtnamasi to'mendegi jag'daylarda tamamlanadi:

- sheriklik sha'rtnamasinin' a'mel qiliw mu'ddeti tamamlang'anda;
- sheriklerden biri bolg'an advokattin' statusi saplastirilg'anda ya'ki toqtatip turilg'anda, eger sheriklik sha'rtnamasinda basqa sherikler ortasindag'i qatnasiqlarda usi sha'rtnamanin' ku'shte qaliwi na'zerde tutilmag'an bolsa;

- sheriklerden birinin talabina ko’re sheriklik sha’rtnamasi biykarlang’anda, eger sheriklik sha’rtnamasinda basqa sherikler ortasindag’i qatnasiqlarda usi sha’rtnamanin’ ku’shte qaliwi na’zerde tutilmag’an bolsa.

Sheriklik sha’rtnamasi saplastirilg’an waqittan baslap onin’ qatnasiwshilari isenim bildiriwshi shaxslarg’a (qorg’awi astindag’i shaxslarg’a) ha’m u’shinshi shaxslarg’a qarata orinlanbag’an uliwma ma’jbu’riyatlar boyinsha solidar ta’rtipte juwapker boladi. sheriklerden biri sheriklik sha’rtnamasinan shiqqanda, ol o’zi yuridikaliq ja’rdem ko’rsetken ha’mme isler boyinsha is ju’ritiwin basqariwshi sherikke tapsiriwi sha’rt. Sheriklik sha’rtnamasinan shiqqan advokat sheriklik sha’rtnamasinda o’zi qatnasqan waqitta ju’zege kelgen uliwma ma’jbu’riyatlar boyinsha isenim bildiriwshi shaxslar (qorg’awi astindag’i shaxslar) ha’m u’shinshi shaxslar aldinda juwapker boladi. Sheriklik sha’rtnamasi saplastirilg’annan keyin advokatlar jana’ sheriklik sha’rtnamasin du’ziwi sha’rt. Eger jan’a sheriklik sha’rtnamasi alding’i sheriklik sha’rtnamasinin’ a’mel qiliwi tamamlang’an ku’nnen baslap bir ay ishinde du’zilmese, advokatliq firmasi advokatliq du’zilmesinin’ basqa formasina o’zgertiliwi ya’ki biykarlaniwi kerek. Sheriklik sha’rtnamasi tamamlang’an waqittan baslap ha’m advokatliq firmasi advokatliq du’zilmesinin’ basqa formasina o’zgertilgenge deyin yamasa jan’a sheriklik sha’rtnamasi du’zilgenge deyin advokatlar yuridikaliq ja’rdem ko’rsetiw tuwrali pitimler (sha’rtnamalar) du’ziwge haqli emes. Advokatliq xizmeti menen shug’illaniw huqiqin beriwshi litsenziyag’a iye bolg’an ha’m advokatliq antin qabil etken shaxslar, sonday-aq, basqa advokatliq du’zilmelerinde islep atirg’an advokatlar firmag’a sheriklikke qabil etiledi. Firma sherikligine qabil etiw tuwrali qarar Advokatliq firmasi sheriklerinin’ jiynalisi ta’repinen qabil etiledi. Sherikti jumisqa qabil etiw basqariwshi sheriktin’ buyrig’i menen ra’smiylestiriledi.

Firma onin’ sherigi ushin tiykarg’i jumis orni esaplanadi. Basqa advokatliq du’zilmesinde islep atirg’an advokat firma sherikligine qabil etilgeninen keyin oni a’ne sol du’zilmeden shig’ariw belgilengen ta’rtipte a’melge asiriladi.

Sherikler basqariwshi sherikti keminde u’sh ay aldin xabardar etip, qa’legen waqitta firmadan shig’iwg’a haqli.

Advokatliq firmasinin’ Joqari organi haqqinda. Sherikler jiynalisi, eger onda ja’mi sheriklerdin’ keminde u’shten eki bo’legi qatnassa, wa’killikli esaplanadi. Shaxslardi firma sherikligine qabil etiwge, firmanin’ Sheriklik sha’rtnamasina o’zgeris ha’m qosimshalar kirgiziwge tiyisli ma’seleler boyinsha Sherikler jiynalisi qararlari bir dawistan, firma xizmetinin’ tiykarg’i bag’darlarin belgilew, firmanin’ Ustavin tastiyqlaw, og’an o’zgeris ha’m qosimshalar kirgiziw, firmani qayta sho’lkemlestiriw ha’m saplastiriw menen baylanisli ma’seleler boyinsha to’rtten u’sh bo’leginen ibarat ko’pshilik dawis penen, basqa ma’seleler boyinsha bolsa, Sherikler jiynalisinda qatnasip atirg’an sheriklerdin’ a’piwayi ko’pshilik dawisi menen qabil etiledi. Firmanin’ ha’r bir sherigi Sherikler jiynalisinda bir dawisqa iye. Sherikti firmadan shig’ariw ma’selesi boyinsha qarar usi sheriktin’ dawisi esapqa alinbag’an halda Sherikler jiynalisi ta’repinen qabil etiledi. Sherikler jiynalisi basqariwshi sherik ta’repinen za’ru’ratqa qarap, biraq jilina keminde bir ma’rte shaqiriladi. Sherikler jiynalisi ha’mme sheriklerdin’ keminde u’shten eki baslamasina muwapiq ha’m shig’ariliwi mu’mkin. Basqariwshi sherik firmanin’ Sheriklik sha’rtnamasinda, firmanin’ sherikleri ta’repinen beriletug’in isenimnamalarda ha’m Ustavta belgilengen o’zinin’ wa’killikleri shen’berinen shiqqan halda qabil etilgen qararlari boyinsha jeke o’zi, sol qatarda materialliq juwapker boladi. firmanin’ Sheriklik sha’rtnamasi ha’m Ustavi mas kelmegen halda Ustav qag’iydalari u’shinshi shaxslar ha’m sherikler ushin u’stinlikke iye.

---

Advokatura institutini isloh etishning ayrim yo’nalishlari: davra suhbati materiallari to’plami. – T.: TDYUI nashriyoti, 2009.

Solomov B. O’zbekistonda advokatlik faoliyati. – T.: Adolat, 2000. – 225b.

Rustambayev M.X., To’xtasheva U.A. Advokatura: kasb-xunar kollejlari uchun o’quv qo’llanma. – T.: Ilm-Ziyo, 2010. – 232 bet.

## 1.3. Advokatlar kollegiyasi.

Advokatlar kollegiyasi ag'zaliqqa tiykarlang'an ha'm advokatliq xizmetin a'melge asiriw ushin advokatlar ta'repinen usinis etilgen, kommertsiyalliq emes sho'lkemi bolg'an advokatliq du'zilmesi. Advokatlar kollegiyalari quramindag'i ag'zalar sani onnan kem bolmawi kerek. Advokatlar kollegiyasinin' sho'lkemlestiriwshilik hu'jjetleri onin' ag'zalari ta'repinen tastiyqlanatug'in ustav ha'm olar ta'repinen du'ziletug'in sho'lkemlestiriwshilik sha'rtnamasi bolip tabiladi. Bunda ag'zalar advokatlar kollegiyasina o'z mal-mu'lkin o'tkeriw sha'rtlerin, usi kollegiya xizmetinde qatnasiw ta'rtibin, advokatlar kollegiyasina jan'a ag'zalarin qabil etiw, ag'zalarinin' onin' quraminan shig'iw ta'rtibi ha'm sha'rtlerin, sonday-aq, advokatlar kollegiyasi ag'zalarinin' huqiq ha'm ma'jbu'riyatlarin belgileydi.

Advokatlar kollegiyasinda yuridikaliq ja'rdem ko'rsetiw tuwrali pitimler (sha'rtnamalar) advokat ha'm isenim bildiriwshi shaxs (qorg'awi astindag'i shaxs) ortasinda du'ziledi ha'mde advokatlar kollegiyasinin' hu'jjetlerinde dizimnen o'tkeriledi. Advokatlar kollegiyasi yuridikaliq ja'rdem ko'rsetiw ushin o'zi turg'an jerden tisqari da jaylasqan filiallar du'ziwge haqli.

Advokatliq xizmeti menen shug'illaniw huqiqin beriwshi litsenziyag'a iye bolg'an ha'm advokat antin qabil etken shaxslar, sonday-aq, basqa advokatliq du'zilmelerinde islep atirg'an advokatlar kollegiyag'a ag'za sipatinda qabil etiledi. Kollegiya ag'zalig'ina qabil etiw tuwrali qarar Advokatlar kollegiyasinin' uliwma jiynalisi ta'repinen qabil etiledi. Jumisqa qabil etiw kollegiya basqariwshisinin' buyrig'i menen ra'smiylestiriledi. Kollegiya ag'zalarinin' miynet sha'rayatlari nizam hu'jjetlerinde belgilengen ta'rtipte du'ziletug'in miynet sha'rtnamasi (kontrakt) penen belgilenedi. Kollegiya onin' ag'zasi ushin tiykarg'i jumis orni esaplanadi. Basqa advokatliq du'zilmesinde islep atirg'an advokat kollegiya ag'zalig'ina qabil etilgeninen keyin oni a'ne sol du'zilmeden shig'ariw belgilengen ta'rtipte a'melge asiriladi. Kollegiya

ag'zalari kollegiyani keminde u'sh ay aldin xabardar etip, qa'legen waqitta onin' quraminan shig'iwg'a haqli.

Advokatlar kollegiyasinin' Joqari organi haqqinda. Uliwma jiynalis, eger onda ja'mi ag'zalarinin' keminde u'shten eki bo'legi qatnassa, wa'killikli esaplanadi. Kollegiyanin' sho'lkemlestiriwshilik sha'rtnamasina o'zgeris ha'm qosimshalar kirgiziwge tiyisli ma'seleler boyinsha Uliwma jiynalis qararlari bir dawistan, kollegiya xizmetinin' tiykarg'i bag'darlarin belgilew, kollegiya Ustavin tastiyqlaw, og'an o'zgeris ha'm qosimshalar kiritiw, kollegiyani sho'lkemlestiriw ha'm saplastiriw menen baylanisli ma'seleler boyinsha Uliwma jiynalis qararlari kollegiya ag'zalarinin' to'rtten u'sh bo'leginen ibarat ko'pshilik dawisi menen, basqa ma'seleler boyinsha bolsa Uliwma jiynalista qatnasqanlardin' a'piwayi ko'pshilik dawisi menen qabil etiledi.

---

Jo'rayev I.B. O'zbekiston Respublikasida advokatlik faoliyati. O'quv uslubiy qo'llanma. – T.:TDYUI, 2010. – 8.5.b.t.
www.tsil.uz

## 1.4. Yuridik ma’slahatxana.

Advokatliq kollegiyalari ha’m advokatliq firmalari sho’lkemlespegen, sonday-aq, jekke ta’rtipte iskerlik ko’rsetetug’in advokatlar byuro sho’lkemlesiwge ha’reket etpeytug’in orinlardag’i xaliq ha’m yuridikaliq shaxslardi malakali yuridik ja’rdem menen ta’minlew maqsetinde Advokatlar palatasinin’ aymaqliq basqarmasi ta’repinen yuridik ma’slahatxanalar sho’lkemlestiriledi. Yuridikaliq ma’slahatxana – advokatliq iskerligin a’melge asiriw ushin Advokatlar palatasinin’ aymaqliq basqarmasi ta’repinen sho’lkemlestiriletug’in ha’m yuridikaliq shaxs statusina iye bolmag’an advokatliq du’zilmesi.

Yuridik ma’slahatxana tiyisli aymaqta yuridik ja’rdemge bolg’an mu’ta’jliklerdi qanaatlandiriw ushin advokatliq du’zilmelerinin’ sani jeterli bolmag’an jag’daylarda Advokatlar palatasinin’ aymaqliq basqarmasi ta’repinen sho’lkemlestiriledi. Tiyisli aymaqlardag’i yuridik ja’rdemge bolg’an mu’ta’j O’zbekistan Respublikasi A’dillik ministrligi ha’m Advokatlar palatasi ta’repinen tastiyqlanatug’in normativlerge muwapiq aniqlanadi.

Yuridik ma’slahatxananin’ materialliq-texnika ta’minati ta’rtibi ha’m sha’rtleri, yuridik ma’slahatxanalarg’a islew ushin jiberilgen advokatlar ushin xizmet xanalari ha’m za’ru’rat bolg’anda, turaq jaylar ajiratiw menen baylanisli ma’seleler Advokatlar palatasinin’ aymaqliq basqarmasi ta’repinen rayon, qala ha’kimligi menen birgelikte sheshiledi.

Yuridik ma’slahatxanag’a aymaqliq basqarma baslig’i ta’repinen tayinlanatug’in basshi basshiliq etedi. Basshi:

- yuridik ma’slahatxananin’ na’tiyjeli islewin ta’miynleydi;
- aymaqliq basqarma qararlari orinlaniwin ta’miynleydi;
- advokat ta’repinen isti alip bariwg’a order blankalari esabin ju’ritedi, saqlaniliwin ha’m maqsetli paydalaniliwin ta’miynleydi;
- advokat ta’repinen isti alip bariwg’a orderdi imzalaydi ha’m beredi;

- huqiq qorg'aw organlardin' tayinlawina muwapiq, na'wbetshilik kestesine muwapiq, jinayat islerinde advokatlardin' qatnasiwin ta'miynleydi;

- yuridik ma'slahatxananin' advokatlari ta'repinen o'z ka'siplik bilimlerin turaqli ra'wishte jetilistirip bariwi ha'm advokatlardin' stajyorlarin tayarlawi u'stinen baqlawdi a'melge asiradi;

- yuridik ma'slahatxana iskerligi menen baylanisli basqa islerdi ju'ritedi.

Advokatliq byurolari, advokatliq firmalari ha'm advokatliq kollegiyalarin dizimnen o'tkeriw, yuridik ma'slahatxanalardi esapqa aliw.

"Advokatura tuwrali" Nizamnin' 4-statyasina muwapiq[6], advokatliq byurolari, advokatliq firmalari ha'm advokatliq kollegiyalarin dizimnen o'tkeriw, sonday-aq, yuridik ma'slahatxanalardi esapqa aliw O'zbekistan Respublikasi Ministrler Kabineti belgileytug'in ta'rtipte a'dillik organlari ta'repinen a'melge asiriladi. "Advokatura tuwrali" Nizamg'a muwapiq, dizimnen o'tkeriw (esapqa aliw) Qaraqalpaqstan Respublikasi A'dillik ministrligi, wa'layatlar ha'm Tashkent qala a'dillik basqarmalari ta'repinen a'melge asiriladi.

Dizimnen o'tkeriw (esapqa aliw) advokatliq du'zilmesi jaylasqan orindag'i a'dillik organi ta'repinen a'melge asiriladi.

Dizimnen o'tkeriw ushin a'dillik organina to'mendegi hu'jjetler usiniladi:

- ag'za ta'repinen (basqa ag'zalar ta'repinen bunin' ushin wa'killik berilgen ag'zalardan biri ta'repinen) imzalang'an dizimnen o'tkeriw tuwrali arza;

- advokatliq firmasi ya'ki advokatlar kollegiyasin sho'lkemlestiriw tuwrali, olardin' ag'zalari tuwrali, olardin' ustavlarin tastiyqlaw tuwrali, basshiliq organlarin sho'lkemlestiriw tuwrali (advokatliq firmalari ya'ki advokatliq kollegiyalari ushin) mag'liwmatlardi o'z ishine alg'an sho'lkemlestiriwshilik jiynalisinin' protokoli;

---

[6] O'zbekiston Respublikasining "Advokatura to'g'risida"gi Qonuni 1996-yil 27-dekabr.
"Advokatlik faoliyatining kafolatlari va advokatlarning ijtimoiy himoyasi to'g'risida"gi O'zbekiston Respublikasining Qonuni (25.12.1998) // O'zbekiston Respublikasi Oliy Majilisi Palatalari Axborotnomasi. 2008-yil. 12-son, 641-modda.

- sho'lkemlestiriwshilik hu'jjetlerinin' ma'mleketlik tildegi, notarial tastiyqlang'an eki negiz nusxasi;

- ag'zalar litsenziyalarinin' nusxalari;

- malaka komissiyalarinin' advokattin' antin ag'zalar qabil qiling'anlig'in tastiyqlaw tuwrali qarari, eger olar advokat statusina iye bolmasa;

- ma'mleketlik dizimnen o'tkeriw ushin belgilengen mug'dardag'i ma'mleketlik baji to'lengenligi tuwrali banktin' to'lem hu'jjeti;

- eki nusxada mo'r ha'm shtamp u'lgileri eskizi, eger bar bolsa – emblema ha'm basqa belgileri de;

- ma'mleket statistika organi ta'rrepinen berilgen adastirip jiberiw da'rejesinde bir qiyli uqsas atlardin' joqlig'i tuwrali mag'liwmatnama.

Esapqa aliw ushin a'dillik organina to'mendegi hu'jjetler usiniladi:

- tiyisli aymaqliq basqarmanin' basshisi ta'repinen imzalang'an, yuridik ma'slahatxana sho'lkemlestiriw za'ru'rligi tiykarlari ko'rsetilgen esapqa aliw tuwrali arza;

- aymaqliq basqarma basshisinin' yuridik ma'slahatxana sho'lkemlestiriw tuwrali buyrig'i;

- yuridik ma'slahatxana tuwrali rejenin' notarial tastiyqlang'an eki negiz nusxasi;

- esapqa aliw ushin belgilengen mug'darda ma'mleketlik baji to'lengenligi tuwrali banktin' to'lem hu'jjeti;

- eki nusxada mo'r ha'm shtamp u'lgileri eskizi.

Yuridik ma'slahatxana tuwrali reje tiyisli aymaqliq basqarma basshisi ta'repinen tastiyqlanadi. Dizimnen o'tkeriw tuwrali arza a'dillik organi ta'repinen jigirma ku'n mu'ddette ko'rip shig'iladi. Esapqa aliw tuwrali arza a'dillik organi ta'repinen on ku'n mu'ddette ko'rip shig'iladi. Arzani za'ru'r hu'jjetler menen birge ko'rip shig'iw juwmaqlarina ko're, a'dillik organi dizimnen o'tkeriw (esapqa aliw) tuwrali ya'ki dizimnen o'tkeriwdi (esapqa aliwdi) biykar etiw tuwrali qarar qabil etedi ha'm arza beriwshini qabil etilgen qarar tuwrali u'sh ku'n mu'ddette xabardar etedi.

## II Bap. Advokatlar palatasi tuwrali uliwma tu’sinik olardin’ tiykarg’i waziypalari, Advokatlar palatasinin’ organlari ha’m lawazimli shaxslari.

### 2.1. Advokatlar palatasi tu’sinigi ha’m olardin’ tiykarg’i waziypalari.

Advokatlar palatasi O’zbekistan Respublikasi ha’mme advokatlarinin’ ma’jbu’riy ag’zalig’ina tiykarlang’an kommertsiyalliq emes sho’lkem.

Advokatlar palatasi birgelikte yuridik ja’rdem ko’rsetiw ushin emes, ba’lki korporativ ma’plerin ta’minlew maqsetinde ha’mme advokatlardin’ birlespesin sho’lkemlestiriwin aytip o’tiw kerek. Sonin’ menen birge Advokatlar palatasi ja’miyetlik sho’lkemi esaplanbaydi, sebebi advokatlardin’ onin’ quramina kiriwi iqtiyariy ra’wishte a’melge asirilmag’an; sonday-aq, ol onin’ ag’zalari qa’lewi menen de, birar-bir ma’mleket organlari qarari menen de saplastiriliwi mu’mkin emes. Advokatlar palatasin sho’lkemlestiriw tuwrali Ministrler Kabinetinin’ Qararin[7] aytip o’tiw orinli. Advokatlar palatasina ag’zaliq advokatliq xizmetine ruxsat etiliwinin’ ajiralmas sha’rti. Advokatlar palatasi aymaqliq basqarmalari janindag’i malaka komissiyalari timsalinda advokatliq hamjamiyati advokat statusin beriw huqiqina iye. Advokatlar palatasi o’z iskerligin O’zbekistan Respublikasi Konstitutsiyasi, nizamlari ha’m o’z ustavina tiykarlang’an halda a’melge asiradi. Advokatliq palatasi sho’lkemlestiriliwi ha’m xizmet ko’rsetiliwine sol tu’rdegi sho’lkemlerge tiyisli bolg’an nizam hu’jjetleri qollaniladi. Advokatlar palatasi advokatlardin’ sho’lkemlestiriwshilik konferentsiyasi ta’repinen sho’lkemlestiriledi. Advokatlar palatasi yuridikaliq shaxs bolip, belgisiz mu’ddetke sho’lkemlestiriledi.

Advokatlar palatasi o’z iskerliginde nizamliliq, nizam aldinda ten’ huqiqlilig’i, o’z-o’zin basqariw, a’shkaraliq ha’mde advokatura u’rp-a’detleri ha’m xaliqaraliq huqiqtin’ uliwma aytip o’tiletug’in printsiplerge tiykarlang’an

---

[7] O’zbekiston Respublikasi “Advokatlar palatasi faoliyatini tashkil etish to’g’risida”gi O’zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining Qarori (27.05.2008-y. 112-son ) // O’zbekiston Respublikasi Qonun hujjatlari to’plami, 2008-yil, 22-23-son, 201-modda.

halda iskerlik ko’rsetedi. O’zbekistan Respublikasi Advokatlar palatasi to’mendegi maqsetlerge muwapiq du’ziledi[8]:

- puqaralarg’a, ka’rxana, mekeme ha’m sho’lkemlerge malakali yuridik ja’rdem ko’rsetiliwin sho’lkemlestiriw ha’m ta’minlew;
- advokatlardin’ sho’lkemlestiriwshilik mustaqillig’in ta’minlew;
- advokatlardin’ g’a’rezsizligi kepilliklerin ku’sheytiw;
- advokatliq ka’sibinin’ abirayin asiriw;

Advokatlar palatasi o’zinin’ Qaraqalpaqstan Respublikasi, wa’layatlar ha’m Tashkent qalasinda du’ziletug’in aymaqliq basqarmalari menen birgelikte advokaturanin’ jeke o’zin o’zi basqariw sistemasin quraydi. Advokatlar palatasi advokatlardin’ nizam hu’jjetlerine muwapiq a’melge asirilatug’in iskerligine aralaspawshiliq printsipi tiykarinda iskerlik ko’rsetedi. Advokatlar palatasinin’ waziypalari ha’m wa’killiklerine uqsas waziypalar ha’m wa’killiklerge iye bolg’an basqa sho’lkemlerdi sho’lkemlestiriwge jol qoyilmaydi.

Advokatlar Advokatlar palatasi ha’m onin’ aymaqliq basqarmalarinin’ ma’jbu’riyatlari boyinsha juwap bermeydi, advokatlardin’ ma’jbu’riyatlari boyinsha bolsa, Advokatlar palatasi ha’m onin’ aymaqliq basqarmalari juwap bermeydi. Advokatlar palatasi ha’m onin’ aymaqliq basqarmalarinin’ o’z wa’killikleri shen’berinde qabil etken qararlari ha’mme advokatliq du’zilmeleri ha’m advokatlar ushin ma’jbu’riy bolip tabiladi. Advokatlar palatasi iskerligin finanslastiriw Advokatlar palatasi Konferentsiyasi ta’repinen mug’dari belgilenetug’in kiris ha’m ag’zaliq bedelleri ha’mde nizam hu’jjetlerinde qadag’an etilmegen basqa qarjilar esabinan a’melge asiriladi. O’zbekistan Respublikasi Advokatlar palatasi ma’mleketimizde insan huqiqlari ha’m erkinliklerin qorg’aw, puqaralarg’a ha’m yuridikaliq shaxslarg’a yuridik ja’rdem ko’rsetiwin ja’nede jetilistiriw barisinda alip barilip atirg’an reformalardan kelip shig’ip, o’zinin’ tiykarg’i waziypalari ha’m iskerligi

---

[8] “O’zbekiston Respublikasi Advokatlar palatasining hududiy boshqarmalari huzuridagi malaka komissiyalari to’g’risidagi Nizomni tasdiqlash haqida ”gi O’zbekiston Respublikasi Adliya vazirining Buyrug’i (27.03.09 –y. № 79 mh) // “O’zbekiston Respublikasi qonun hujjatlari to’plami”, 2009-yil, 13-son, 152-modda.

bag'darlarin belgileydi. Advokatlar palatasinin' tiykarg'i waziypalari ha'm iskerlik bag'darlari onin' Ustavinda belgilengen. Olar to'mendegilerden turadi:

- advokatliq du'zilmeleri iskerligin oraylasqan halda muwapiqlastirip bariw;
- advokaturani ja'nede rawajlandiriwg'a, insannin' huqiq ha'm erkinliklerin qorg'awda onin' abiray-itibari ha'm a'hmiyetin asiriwg'a ja'rdemlesiw;
- xaliqtin' huqiqiy bilimi ha'm huqiqiy ma'deniyatin asiriwg'a qaratilg'an huqiqiy agitatsiya jumislarin a'melge asiriw;
- reformalardin' nizamshiliq bazasin ha'm huqiq qollaw a'meliyatin jetilistiriw, huqiqiy ta'rtipke saliwdin' bir pu'tinligin ha'mde nizamshiliq normalarinin' bir qiyli qollaniliwin ta'minlew boyinsha usinislar kiritiw;
- advokaturag'a tiyisli ma'seleler boyinsha tu'sindiriw ha'm juwmaq beriw;
- advokatlardin' huqiqlari ha'm nizamli ma'plerin qorg'aw, olardin' wa'kili sipatinda qatnasiw, sol qatarda, sudta ha'mde ma'mleket ha'm xojaliq basqariwi organlari menen bolg'an qatnasiqlarda;
- advokatlardi, advokat stajyorlari ha'm ja'rdemshilerin ka'sipke tayarlaw ha'm ta'jriybesin asiriw jumislarin sho'lkemlestiriw;

Advokatlar ka'siplik etikasi qag'iydalari, sonday-aq, advokaturag'a tiyisli bolg'an basqa hu'jjetlerdi qabil etiw ha'm orinlaniwin ta'minlew;

- advokatura sistemasin sotsialliq ha'm ekonomikaliq rawajlandiriw is-ila'jlarin islep shig'iw;
- g'alaba xabar qurallarin sho'lkemlestiriw ha'mde baspashiliq xizmetin jolg'a qoyiw;
- respublika qala ha'm rayonlarinda yuridik ma'slahatxanalar sho'lkemlestiriw joli menen xaliqtin' yuridik ja'rdemge bolg'an talabin qanaatlandiriw;
- advokatura iskerligi tuwrali statistikaliq mag'liwmatlardi toplaw ha'm u'yreniw, advokatlardin' unamli is ta'jriybelerin uliwmalastiriw, advokatliq du'zilmelerine ja'rdem ko'rsetiw;

Palata nizam hu'jjetleri menen qadag'an etilmegen, tikkeley advokatura xizmetine tiyisli basqa waziypa ha'm funktsiyalardi da a'melge asiradi.

## 2.2. Advokatlar palatasi koferentsiyasinin' wa'killikleri ha'm Palata baslig'inin' wa'killikleri.

O'zbekistan Respublikasi Advokatlar palatasi o'z iskerligin o'nimdarli sho'lkemlestiriw ha'm o'z aldindag'i qoyilg'an waziypalarin a'melge asiriw ushin o'zinin' basqariw organlarin du'zedi.

Palatanin' joqari organi bolip, bes jilda bir ma'rte shaqirilatug'in O'zbekistan Respublikasi Advokatlar palatasinin' konferentsiyasi esaplanadi. Gezeksiz konferentsiya Advokatlar palatasi basqariwi baslamasi menen ya'ki palata ag'zalarinin' u'shten bir bo'leginin' baslamasi menen shaqiriliwi mu'mkin. Konferentsiya delegatlari aymaqliq basqarmalar ta'repinen shaqirilatug'in advokatlardin' uliwma jiynalislarinda a'piwayi ko'pshilik dawisi menen saylanadi. Advokatlar palatasi konferentsiyasinin' absolyut wa'killiklerine to'mendegiler kiredi:

- Palata Ustavin qabil etiw, og'an o'zgeris ha'm qosimshalar kirgiziw;
- Advokatlar ka'siplik etikasi qag'iydalarin qabil etiw;
- Basqariw quramin du'ziw ha'm onin' iskerlik bag'darlarin belgilew;
- O'zbekistan Respublikasi A'dillik ministrliginin' usinisnamasina ko're Palata basshisi ha'm onin' orinbasarlarin saylaw;
- Basqariw basshisi esabatin, sol qatarda, Palatanin' ta'miynati ushin qiling'an qa'rejetler smetasinin' orinlaniwin tastiyqlaw;
- tintiw komissiyasi tuwrali Rejeni qabil etiw;
- tintiw komissiyasin saylaw ha'm onin' esabatin tastiyqlaw;
- Palatag'a kiriw ha'm ag'zaliq bedelleri mug'darlarin belgilew;

Konferentsiya Advokatlar palatasinin' ku'ndelik iskerligine basshiliq etiw ha'm onin' Ustavinda belgilengen waziypalardin' a'melge asiriliwin ta'miynlew maqsetinde palatanin' atqariwshi organi Palata Basqariwin saylaydi.

Basqariw ag'zalari Konferentsiyada qatnasqan delegatlar arasinan ashiq dawis beriw joli menen ha'r bir aymaqtan ekewden saylanadi.

Basqariw ag'zalig'ina saylang'an aymaq wa'kili Basqariw ag'zalig'inan shig'arilg'anda onin' orni Palatanin' aymaqliq basqarmasi ta'repinen usinis etilgen ag'za esabinan toltiriladi. O'z wa'killikleri shen'berinde Basqariw:

- Konferentsiyani shaqiradi, onin' ku'n ta'rtibin belgileydi, Konferentsiyani o'tkeriw menen baylanisli sho'lkemlestiriwshilik tayarliq islerin a'melge asiradi ha'm Konferentsiya qararlari orinlaniwin ta'minleydi;
- Palatanin' keleshektegi rawajlaniw rejelerin belgileydi ha'm onin' orinlaniwin ta'minleydi;
- Aymaqliq basqarmalardi du'zedi ha'm olar tuwrali rejelerdi tastiyqlaydi;
- Palatag'a ag'zaliq ha'm kiris bedellerin to'lew ha'm bo'listiriw ta'rtibin belgileydi;
- Palata janindag'i Joqari malaka komissiyasin sho'lkemlestiredi;
- advokatlardin' axborot penen ta'minleniwin sho'lkemlestiredi;
- jinayat isleri boyinsha tayinlaw tiykarinda qatnasiwdin' o'nimdarli mexanizmlerin islep shig'adi ha'm a'meliyatqa en'gizedi;
- Palata ta'minati ushin qilinatug'in qa'rejetler smetasin tastiyqlaydi;

Palata baslig'i Palatanin' joqari lawazimli shaxsi esaplanadi, ol Palatanin' ku'ndelik iskerligine basshiliq etedi. Palata baslig'i ha'm onin' orinbasarlari saylanatug'in ku'nge deyin keminde bes jil advokatura sistemasinda islep kelgen advokatlar arasinan saylanadi. Palata baslig'i ha'm onin' orinbasarlari

O'zbekistan Respublikasi A'dillik ministrliginin' usinisina muwapiq, Konferentsiya saylag'an Basqariw ag'zalari arasinan bes jil mu'ddetke Konferentsiya ta'repinen jabiq dawis beriw joli menen saylanadi. Palata baslig'i ha'm onin' orinbasarlari o'z waziypalarin orinlaw da'wirinde ilimiy, pedagogikaliq ha'm advokatliq xizmetinen tisqari haqi to'lenetug'in basqa tu'rdegi xizmet penen shug'illaniwi mu'mkin emes. Palata baslig'i ha'm onin' orinbasarlari advokatliq xizmeti menen shug'illaniwda basqa advokatlardin' huqiqlarin sheklewshi ha'm ka'siplik iskerligine tosqinliq etiwshi sha'rayatlar jaratpawi lazim. Palata baslig'i:

- Palata ha’m onin’ aymaqliq basqarmalardin’ na’tiyjeli iskerligin ta’miynleydi;
- aymaqliq basqarmalar basliqlarin ha’m olardin’ orinbasarlarin lawazimlarg’a tayinlaydi ha’m lawazimnan azat etedi;
- Basqariw ma’jilisin shaqiradi, onin’ ku’n ta’rtibin belgileydi, ma’jiliske basshiliq etedi;
- Konferentsiya ha’m Basqariw qararlari orinlaniwin ta’miynleydi;
- Palata iskerligine tiyisli buyriqlar, biylikler shig’aradi ha’m orinlaniwi ma’jbu’riy bolg’an ko’rsetpeler beredi;
-shtatlar kestesin du’zedi ha’m Basqariw tastiyqlawina kiritedi;
-xizmetkerler miynetine haqi to’lew ta’rtibi ha’m usilin belgileydi;
-Palata bo’limleri isin jetilistiredi ha’m muwapiqlastiradi;
-Palatanin’ finansliq-xojaliq iskerligin sho’lkemlestiredi.

Palata baslig’inin’ orinabasarlari o’z iskerliklerin bo’listirilgen waziypalarina tiykarinan a’melge asiradi, sonday-aq, basliq ta’repinen o’zlerine ju’kletilgen basqa waziypalardi orinlaydi. Tintiw komissiyasi Palatanin’ finansliq baqlaw organi esaplanip, ol Palata Konferentsiyasi ta’repinen saylanadi ha’m Konferentsiyag’a esabat beredi. Tintiw komissiyasi o’z iskerligin Advokatlar palatasi Ustavina ha’m tintiw komissiyasi tuwrali rejege tiykarlanip a’melge asiradi. O’zbekistan Respublikasi Advokatlar palatasi Qaraqalpaqstan Respublikasi, Tashkent qalasi ha’m wa’layatlarda o’zinin’ waziypalari ha’m iskerlik bag’darlarinin’ a’melge asiriliwin ta’miynlew maqsetinde aymaqliq basqarmalar sho’lkemlestiriledi. Advokatlar palatasinin’ aymaqliq basqarmalari yuridikaliq shaxs bolip, Advokatlar palatasi ta’repinen tastiyqlanatug’in rejeler tiykarinda iskerlik ko’rsetedi. Advokatlar palatasi aymaqliq basqarmalarinin’ basshilari Advokatlar palatasinin’ baslig’i ta’repinen lawazimg’a (tiyisli aymaqta iskerlik ko’rsetip atirg’an advokatlar arasinan ) tayinlanadi ha’m lawazimnan azat etiledi.

---

O’zbekiston Respublikasida advokatlik faoliyati : darslik / M.H.Rustambayev, U.A.Tuxtasheva; O’zbekiston Respublikasi Adliya vazirligi, Toshkent davlat yuridik instituti. – Toshkent: O’zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti, 2012. – 384 bet.

## Juwmaqlaw

Ma'mleketimizde bu'gingi ku'nde turmistin' barliq tarawlarinda reformalar bolip atirg'ani heshkimge sir emes. Bul reformalardan go'zlengen maqsetlerden biri – ekonomika, a'dil sudlaw, ma'mleket du'zilmeleri jolinda tosqinliq etip turg'an, ha'r bir insang'a onin' mu'na'sip turmis keshiriwi, o'z imkaniyatlarin toliq ko'rsetiw ushin sha'rt-sha'rayatlar jaratiwg'a ha'm puqaralarimiz tinishlig'in asiriwg'a tosqinliq etip atirg'an barliq tosiqlardi joq etiwden ibarat. Bul reformalardi a'melge asiriwda advokaturanin' orni a'hmiyetli. Sebebi ma'mleketimizde insan huqiq ha'm erkinliklerin hu'rmet etiw oni ulig'law en' joqari qa'diriyat ekenligi heshkimge sir emes. Ma'mleketimizde demokratiyaliq jan'alawdin' bu'gingi basqishindag'i en' a'hmiyetli bag'darlardan biri – nizam u'stinligi ha'm nizamliliqti bekkemlew, shaxs huqiqi ha'm ma'plerin isenimli qorg'awg'a qaratilg'an sud-huqiq sistemasin izshil demokratiyalastiriw ha'm liberallastiriwdan ibarat. Bir so'z benen aytqanda, elimizde huqiqiy ma'mleket tiykarlarin ja'ne de jetilistiriw ha'm xaliqtin' huqiqiy sanasi ha'm ma'deniyatin ko'teriw biz ushin

sheshiwshi waziypa bolip qalmaqta. Sonliqtan da biz g'a'rezsizliktin' da'slepki ku'nlerinen baslap reformalardin' bul bag'darlarina o'z aldina diqqat awdardiq. Mine usinday jandasiw sebepli bul baradag'i islerdin' ko'lemi, na'tiyjeliligi keyingi on jilliqta bir neshe ret ken'eyip, jan'a basqishqa ko'terilgenin ju'da' ko'plegen misallarda ko'riw mu'mkin. O'zbekistanda huqiqiy demokratik ma'mleket quriw ha'm bazar ekonomikasina tiykarlang'an huqiqiy qatnasiqlar rawajlang'an sayin advokaturanin' puqaraliq ja'miyetinin' huqiq qorg'awshi sistemasina puqaralardin' huqiq, erkinligi ha'm ma'plerin qorg'awg'a ja'rdemlesiwshi institut sipatinda a'hmiyeti og'ada artip barmaqta. Sebebi advokaturanin' qatnasiwisiz puqaralardin', isbilermenlerdin', ha'mme fizikaliq ha'm yuridikaliq shaxslardin' huqiq, erkinlik ha'm nizamli ma'plerin qorg'awin ta'miynlep bolmaydi. Advokatliq xizmeti ha'r dayim ha'r bir

ja'miyettin' ma'deniy, sotsialliq, siyasiy ha'm tariyxiy qa'diriyatlari menen baylanisliliqta a'melge asirilg'an. Ha'r qanday demokratiyaliq ja'miyette advokatlar a'dil sudlawdi a'melge asiriwda, ja'njellerdin' aldin aliw ha'm olardi sheshiwde a'hmiyetli orindi iyeleydi. O'zbekistan Respublikasi Konstitutsiyasinin' 116-statyasina muwapiq[9], ha'mmege tergew ha'm sud isin ju'ritiwdin' ha'r qanday basqishinda malakali yuridik ja'rdem aliw huqiqi kepillenedi. Puqaralarg'a, ka'rxana, mekeme ha'm sho'lkemlerge yuridik ja'rdem beriw ushin advokatura xizmet ko'rsetedi. Advokaturani sho'lkemlestiriw ha'm onin' jumis ta'rtibi nizam menen belgilenedi.

[9] O'zbekiston Respublikasining Konstitutsiyasi T. 1992 yil 8 dekabr.

## Paydalanilg’an a’debiyatlar dizimi:

### I. Basshi a’debiyatlar:

1. [1]Karimov I.A. Mamlakatimizda demokratik islohotlarni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyatini rivojlantirish konseptsiyasi. O’zbekiston Respublikasi Oliy Majilisi Qonunchilik palatasi va Senatining qo’shma majilisidagi ma’ruza, 2010-yil 12-noyabr. – Xalq so’zi. – 13-noyabr. – 2010.
2. Karimov.I.A. Qonun va adolat ustuvorligining hayotbaxsh manbai. Konstitutsiya kuniga bag’ishlangan tantanali marosimida so’zlangan nutq, 1998-yil 5-dekabr//Biz kelajagimizni o’z qo’limiz bilan quramiz. T.7. – T.: O’zbekiston, 1999. – B.251.

### II. Normativ huqiqiy hu’jjetler:

1. [1] O’zbekiston Respublikasining Konstitutsiyasi T. 1992 yil 8 dekabr.
2. O’zbekiston Respublikasining Jinoyat–protsessual kodeksi. <<O’zbekiston Respublikasi Kodekslari>>, to’plam. – T.: ,<<YURIST-MEDIA MARKAZI>>.2010. – B. 71-188.
3. O’zbekiston Respublikasining Jinoyat kodeksi. <<O’zbekiston Respublikasi Kodekslari>>, to’plam. – T.: ,<<YURIST-MEDIA MARKAZI>>.2010. – B. 4-71.
4. “Advokatlik faoliyatini litsenziyalash va advokatlik tuzilmalarini tashkil qilish tartibini takomillashtirish to’g’risida”gi O’zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining Qarori (09.03.2009-y. №68-mh ) // <<O’zbekiston Respublikasi qonun hujjatlari to’plami>>, 2009-yil, 12-son, 133-modda.
5. <<Advokatlar tomonidan ko’rsatilgan yuridik yordam uchun davlat hisobidan haq to’lash mexanizmini takomillashtirish chora-tadbirlari to’g’risida>>gi O’zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining Qarori 20.06.2008-y. 137-son.
6. O’zbekiston Respublikasining ”Advokatura to’g’risida”gi Qonuni 1996-yil 27-dekabr.
7. O’zbekiston Respublikasi “Advokatlar palatasi faoliyatini tashkil etish to’g’risida”gi O’zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining Qarori (27.05.2008-y. 112-son ) // O’zbekiston Respublikasi Qonun hujjatlari to’plami, 2008-yil, 22-23-son, 201-modda.
8. “O’zbekiston Respublikasi Advokatlar palatasining hududiy boshqarmalari huzuridagi malaka komissiyalari to’g’risidagi Nizomni tasdiqlash haqida ”gi O’zbekiston Respublikasi Adliya vazirining Buyrug’i (27.03.09 –y. № 79 mh) // “O’zbekiston Respublikasi qonun hujjatlari to’plami”, 2009-yil, 13-son, 152-modda.
9. O’zbekiston Respublikasi Prezidentining № PF-3993 <<O’zbekiston Respublikasida advokatura institutini yanada isloh qilish chora-tadbirlari to’g’risida>> Farmoni.
10. ”Advokatlik faoliyatining kafolatlari va advokatlarning ijtimoiy himoyasi to’g’risida”gi O’zbekiston Respublikasining Qonuni (25.12.1998) // O’zbekiston Respublikasi Oliy Majilisi Palatalari Axborotnomasi. 2008-yil. 12-son, 641-modda.

### III. Tiykarg’i a’debiyatlar:

1. O’zbekiston Respublikasida advokatlik faoliyati : darslik / M.H.Rustambayev, U.A.Tuxtasheva; O’zbekiston Respublikasi Adliya vazirligi, Toshkent davlat yuridik instituti. – Toshkent: O’zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti, 2012. – 384 bet.
2. Jo’rayev I.B. O’zbekiston Respublikasida advokatlik faoliyati. O’quv uslubiy qo’llanma. – T.:TDYUI, 2010. – 8.5.b.t.
3. Advokatura institutini isloh etishning ayrim yo’nalishlari: davra suhbati materiallari to’plami. – T.: TDYUI nashriyoti, 2009.
4. Solomov B. O’zbekistonda advokatlik faoliyati. – T.: Adolat, 2000. – 225b.
5. Rustambayev M.X., To’xtasheva U.A. Advokatura: kasb-xunar kollejlari uchun o’quv qo’llanma. – T.: Ilm-Ziyo, 2010. – 232 bet.

Internet saytlar dizimi:

1. www.lex.uz
2. www.google.ru
3. ziyonet.uz

Advokatliq xizmettin’ sho’lkemlestiriwshilik formalarina baylanisli test.

1. Advokatliq xizmettin’ sho’lkemlestiriwshilik formalari qanday?
a) Advokatliq byurosi, Advokatlar kollegiyasi
b) Advokatliq firmasi
c) Yuridik ma’slahatxana
d) *A,B,C juwaplari duris.

2. Advokatliq byurosi, Advokatlar kollegiyasi, Advokatliq firmasi, Yuridik ma’slahatxanalardi dizimge esapqa aliw qaysi organ ta’repinen a’melge asiriladi?
a) *A’dillik organlari
b) Ministrler Kabineti
c) Jergilikli ma’mleket ha’kimiyati organi
d) O’zin-o’zi basqariw organi.

3. Advokatliq xizmetinin’ sho’lkemlestiriwshilik formalarinin’ qaysisi a’piwayi jazba formada o’z-ara sheriklik sha’rtnamasin du’ziw arqali sho’lkemlestiriledi?
a) Advokatliq byuro
b) *Advokatliq firma
c) Yuridik ma’slahatxana
d) Advokatlar palatasi.

4. ...... O’zbekistan Respublikasi ha’mme advokatlardin’ ma’jbu’riy ag’zalig’ina tiykarlang’an kommertsiyalliq emes sho’lkem.
A) *Advokatlar palatasi
B) Advokatliq firmasi
C) Advokatliq byurosi
D) Yuridik ma’slahatxana.

5. Byuroni basqariw ushin advokat qanday huqiqlarg'a iye?

a) Ishki miynet ta'rtip qag'iydalarin ha'm basqa lokal hu'jjetlerdi tastiyqlaydi

b) Byuro atinan is ju'ritedi ha'm oni isenimnamasiz sa'wlelendiredi

c) Buyriqlar, biylikler ha'm basqa lokal hu'jjetler shig'aradi

d) *A,b,c juwaplari duris.

6. Advokatlar Palatasi baslig'inin' wa'killiklerine neler kiredi?

a) Basqariw ma'jilisin shaqiradi, onin' ku'n ta'rtibin belgileydi, ma'jiliske basshiliq etedi, Konferentsiya ha'm Basqariw qararlari orinlaniwin ta'minleydi

b) shtatlar kestesin du'zedi, lawazim yo'riqnomalarin tastiyqlaydi

c) Palata apparati xizmetkerlerin jumisqa qabil etedi ha'm olardi iyelep turg'an lawazimlarinan azat etedi

d) *a,b,c juwaplari duris.

7. Esapqa aliw tuwrali arza a'dillik organi ta'repinen neshe ku'n mu'ddet ishinde ko'rip shig'liwi kerek?

a ) 5

b)*10

c) 20

d) 15.

8. Advokatlar palatasi o'z iskerliginde qaysi printsiplerge tiykarlanip jumis alip baradi?

a) *nizamliliq, nizam aldinda ten'lik, o'z-o'zin basqariw, a'shkaraliq

b) nizamliliq, nizam aldinda ten'lik, a'shkaraliq, ja'riyaliliq

c) nizamliliq, ja'riyaliliq, g'a'rezsizlik, ten'lik, a'shkaraliq, vertical, gorizontal

d) insaniyliq, ten'lik, puqaralardin' huqiq ha'm erkinligin hu'rmet etiw.

9. Advokatlar palatasi Konferentsiyasinin’ absolyut wa’killiklerine neler kiredi?

a) Palata Ustavin qabil etiw, og’an o’zgeris ha’m qosimshalar kiritiw

b) Advokatlar ka’siplik etikasi qag’iydalarin qabil etiw

c) Basqariw quramin du’ziw ha’m onin’ iskerlik bag’darlarin belgilew

d) *a,b,c juwaplari duris.

10. Advokatlar kollegiyalari quramindag’i ag’zalar sani neshewden kem bolmawi kerek?

a) *10

b) 5

c) 7

d) 8